

PENILAIAN AKHIR SEMESTER 1
BAHASA JAWA KELAS 9 MTS

Wacanen teks ing andhap kanthi patitis kagem mangsuli pitakon nomer 1-3!

Sampah yaiku materi sisa kang ora dikarepake, sawise akhire dibuwang ing pambuwangan pungkasan (akhir). Sampah bisa ana ing saben materi: awujud padhet (padat), encer (cair), utawa gas. Sampah uga dadi masalah nomer siji ing Indonesia, saliyane pengangguran, lan sarana transportasi. Bencana banjir wis dadi langganan ana ing wewengkon tlatah Gresik, nanging isih akeh wong Gresik sing ora gelem sadhar yen mbuwang sampah iku kudu ana panggonane.

1. Wacan ing inggil kalebet jenis teks laporan asil observasi bagean
 - A. Simpulan
 - B. Dhefinisi umum
 - C. Dheskripsi bagean
 - D. Dheskripsi manfaat
2. Ukara ingkang **mboten** trep (tidak cocok) kalian pranyatan ing inggil (No.1) inggih menika
 - A. Sampah dadi siji-sijine masalah ing Indonesia
 - B. Banjir wis dadi langganan ana ing wewengkon tlatah Gresik
 - C. Sampah bisa awujud padhet (padat), encer (cair), utawa gas
 - D. Akeh wong Gresik sing ora gelem sadhar yen mbuwang sampah iku kudu ana panggonane.
3. Nalika tiyang mboten purun sadhar menawi mbuwang sampah niku kedah ing panggonane, saget ndadosaken
 - A. Longsor
 - B. Gempa bumi
 - C. Virus covid 19
 - D. Bencana banjir

Gatekna ukara ing andhap iki!

- 1) Aku lagi nulis aksara Jawa
- 2) Ibu lagi masak ing pawon

4. Ing inggil punika kalebet tuladha ukara
 - A. Tanggap
 - B. Tanduk
 - C. Prentah
 - D. Pitakon

Gatekna pranyatan ing andhap iki!

- 1) Kita kedah nebihi dhaharan legi amergi mboten sae kagem kasarasan waja kita.
- 2) Waja kita kedah disikat kaping kaleh sedinten utawi sawising dhahar.
- 3) Kita kedah ngerawat waja kita piyambak.

- 4) Waja kita kedah dipriksa saben 6 sasi sepisan.

5. Pranyatan ing inggil kang kalebu ukara tanggap inggih menika ukara nome r....
 - A. 1 lan 2
 - B. 2 lan 4
 - C. 1 lan 3
 - D. 3 lan 4

Tlatah Boyolali wis dikenal dadi sawijining papan wisata. Papane rada ngalor sithik saka kutha Boyolali, adohe kira-kira 7 km. Sing disuguhake neng kana yaiku wisata alam. Nalika lunga rana, kari milih panggon mancing. Iwak sing dipancing maneka warna kayata iwak lele, nila, gurameh, kakap, bawal lan sapanunggalane

6. Saking paragraf ing inggil, kang nuduhake ukara tanduk inggih menika ukara
 - A. Tlatah Boyolali wis dikenal dadi sawijining papan wisata
 - B. Sing disuguhake neng kana yaiku wisata alam
 - C. Nalika lunga rana, kari milih panggon mancing.
 - D. Iwak sing dipancing maneka warna

Wacanen ukara ing andhap iki!

Malang salah sawijining kutha ing Jawa Timur, akeh maneka warna usaha indhustri omahan kang bisa ditemoni.

7. Tembung kang nunjukake menawi ukara ing inggil kalebet ukara tanggap yaiku
 - A. Indhustri
 - B. Omahan
 - C. Ditemoni
 - D. Maneka

Gatekna ukara ing andhap iki!

- 1) Kula badhe tumbas woh-wohan kados ta: pelem, nanas, pisang, kaliyan anggur.
- 2) Sampeyan punapa sampun sumerep griya kula, sapunika semah kula sampun wangsul.

8. Ukara ing inggil punika ngagem basa
 - A. Ngoko lugu (wantah)
 - B. Ngoko alus (andhap)
 - C. Krama lugu (madya)
 - D. Krama alus (inggil)

Wacanen ukara ing andhap iki!

"Ing sekolahan aku ... jam 06.30 WIB, menawi bu guru ... jam 06.00 WIB."

9. Tembung kang trep kagem njangkepi ukara ingkang dereng rampung ing inggil inggih menika
- A. Teka, rawuh
 - B. Rawuh, dugi
 - C. Teka, teka
 - D. Dugi, teka

Wacanen ukara ing isor iki!

"Apa ... lan adhimu wis sinau unggah-ungguh basa Jawa?"

10. Tembung kang trep kangge njangkepi ukara ingkang dereng rampung ing inggil inggih menika
- A. Kowe
 - B. Dheweke
 - C. Sampeyan
 - D. Panjenengan

Wacanen ukara ing andhap iki!

Kartika : Ana apa kok mlayu-mlayu?
Damar : Pak Guru wis teka.

11. Wangsulane Damar yen didadosake basa krama alus inggih menika
- A. Pak Guru dereng teka.
 - B. Pak Guru mboten dugi.
 - C. Pak Guru sampun rawuh.
 - D. Pak Guru sampun dhateng.

Wacanen ukara ing andhap iki!

"Sawise nyeluk adhiku, budhe terus tak kongkon lungguh ndik ruang tamu."

12. Ukara kasebut ngagem basa
- A. Ngoko lugu
 - B. Ngoko alus
 - C. Krama lugu
 - D. Krama alus

Wacanen ukara ing andhap iki!

"Kowe apa wes mangan isuk mau?."


13. Ukara kasebut yen didadosake basa krama lugu (madya) inggih menika
- A. Panjenengan napa sampun dhahar enjing wau?
 - B. Panjenengan napa wis mangan enjing wau?
 - C. Sampeyan napa sampun nedha enjing wau?
 - D. Sampeyan napa wes dhahar enjing wau?

Wacanen ukara ing andhap iki!

"Eyang mboten purun dahar amargi wajanipun gerah."

14. Ukara kasebut menawi digantos ngagem basa ngoko lugu inggih menika
- A. Simbah ora gelem mangan amerga lara untu
 - B. Mbah ora gelem dhahar amerga ngelu
 - C. Mbah, ora gelem mangan amerga lara
 - D. Eyang ora gelem nedha amerga lara

Gatekna aksara ing andhap iki!

dwifungsi : 

15. Miturut aksara ing inggil, menawi aksara rekan karaketan sandhangan cecak, cecake telu dumunung ing sisih ... sandhangan cecak.
- A. Tengene
 - B. Tengahe
 - C. Kiwane
 - D. Njerone

Pak Untung iku sabendinane lunga menyang sanggar saperlu mimpin lan ngatur lumakune crita drama

16. Miturut wacan ing inggil, pendamelan (penggawean) pak Untung dados
- A. Aktor
 - B. Penulis
 - C. Pelawak
 - D. Sutradara

Fanina lagi melu pemilihan tokoh/paraga sing kadhapuk dening sutradara ing lakon drama

17. Miturut pranyatan ing inggil, Fanina lagi tumut
- A. Cita
 - B. Dialog
 - C. Nyanyi
 - D. Casting

Pandu iku yen lagi main drama mesti dadi wong sing becik, seneng mbiyantu lan sabar.

18. Saking pranyatan ing inggil, Pandu niku minangka paraga
- A. Prolog
 - B. Epilog
 - C. Antagonis
 - D. Protagonis

Rama iku paraga kesenian khas Jawa Timur, kang wujud drama tradisional, kerakyatan, ana tari Rema, kidungan, banyolan, gendhing jula-juli lan critane bebas.

19. Manut wacan ing inggil, Rama minangka paraga kesenian
- A. Film
 - B. Tayub
 - C. Ludruk
 - D. Wayang

Prapto iku paraga kesenian drama tradisional, kang iringane gendhing kulonan, ana keprak/Kenthongane, biasane lakone panguripan keluarga Kerajaan

20. Manut wacan ing inggil, Prapto minangka paraga kesenian
- A. Ketoprak
 - B. Wayang

- C. Ludruk
- D. Tayub

Drama tradisional iki nyritaake Ramayana, Mahabharata, sakliyané iku uga ana dalangé, (paragone ngomong dewe). Penontoné sing ake wong tuwa.

21. Drama ing inggil dipun wastani
- A. Ludruk
 - B. Wayang
 - C. Wayang wong
 - D. Ketoprak humor

Nashir nduweni kebiasaan main drama ndik kampung, Nashir nunggang jaran, paragane ana kang aneh, yaiku mangan beling, kembang utawa menyan.

22. Nashir niku minangka paraga
- A. Jaran kepang
 - B. Ketoprak
 - C. Ludruk
 - D. Reog

Kesenian asal daerah Ponorogo iki paragane singa barong, ngangge wulu merak kang endah lan gedhe banget, kang manggul kudhu paraga kang kuwat. Sing kondhang warok e.

23. Kesenian ing inggil dipun wastani... .
- A. Reog
 - B. Lerok
 - C. Wayang
 - D. Jaranan



24. Gambar ing inggil nunjukake kesenian tari... .
- A. Dangdutan
 - B. Saman
 - C. Kecak
 - D. Remo

Waosen dialog ing andhap!

.....

Kleting Kuning : Kula nuwun!

Mbok Sati : Iki ki ambune apa kok ora enak. E e e dadi kowe sing mara nggawa bathang. Kowe ngapa mrene ambumu ora enak! Rada adoh!

Kleting Kuning : Nami kula Kleting Kuning, Mbok!

Mbok Sati : Kowe mrene arep ngapa?

Kleting Kuning : Kula ajeng ngunggah unggahi Baguse Andhe-Andhe Lumut.

Mbok Sati : Wong sing ayu-ayu wae padha ditampik apa maneh kowe rupamu elek, ambumu ora enak, wis kana bali wae!

Kleting Kuning : Kula mboten bali yen anak sampeyan mboten ditari dhisik.

Mbok Sati : Yo daktarine anakku, muga-muga aja gelem!

.....

25. Irah-irahan kannng trep kangge carios ing inggil
- A. Bawang merah Bawang Putih
 - B. Ande-ande Lumut
 - C. Malin Kundang
 - D. Jaka Tarub

Wacanen kagem mangsuli pitakonan nomer 26—30!

Layang Kumitir : Gusti, nuwun sewu pangapunten awit sowan boten tinimbalan. Menika jangganipun Adipati Minakjingga.

Kencana Wungu : Bagus...bagus, nanging kok dudu si Damarwulan?

Layang Seta : Gusti Prabu, kakang Damarwulan sampun seda rikala lumawan Minakjingga, katungka duginipun kula sakloron mbiyantu ngantos pejahipun Minakjingga nanging kakang Damarwulan ugi pejah.

Damar wulan: (Damarwulan teka) Dusta! Gusti, kula badhe matur bilih kula ingkang sampun saged ngasoraken Minakjingga.

Kencana Wungu : Lho, lho? Kepiye ta iki? Mau jarene Layang Seta lan Layang Kumitir sing wis ngasorake Minakjingga.

Layang Kumitir : Gusti Prabu, menika namung pikolehipun Damarwulan mitnah kula lan Layang Seta.

Kencana Wungu : Aku kepingin ngerti, Seta lan Kumitir, kepriye anggonmu mateni Minakjingga?

Layang Seta : Kula kaliyan adhi kula menika mungsuh Minakjingga. Adhi kula, kula dadosake umpan, lajeng kula magas Jangganipun saking wingking

Kencana Wungu : Banjur kepriye anggonmu magas janggane Minakjingga, Damarwulan?

Damar wulan : Mekaten Gusti, kula prang tandhing kaliyan

Minakjingga. Ananging kula dipunpejahi ngagem Gada Wesi Kuning. Lajeng kula saged gesang malih amargi Diajeng Waita Kaliyan Puyengan mulihake kula ngagem pusakanipun Minakjingga inggih menika pedhang sokayana. Lajeng Minakjingga nyaketi kula, lajeng kula gebug ngagem pusakanipun piyambak inggih menika gada wesi kuning.

Kencana Wungu : Saka ngendi sira bisa duwe pusaka Gada Wesi Kuning?

Damar wulan : Awit pambiyantunipun Diajeng Waita lan Puyengan ingkang nyidra saking gedhong pusaka Blambangan.

Kencana Wungu : Cukup! Ingsun netepake yen ta Damarwulan bener lan jumeneng nata ing Majapahit.

26. Layang Seta lan Layang Kumitir nggadahi watak

- A. Sabar narima
- B. Tukang ngapusi
- C. Seneng tetulung
- D. Gampang adu-adu

27. Damarwulan saged ngasorake (ngalahake) Minakjingga kanthi cara

- A. Angsal pambiyantune Layang Seta lan Layang Kumitir.
- B. Nyuwun kadigdayan ingkang dipungadhahi Waita lan Puyengan.
- C. Ngebug Minakjingga ngagem pusakanipun piyambak, inggih menika gada wesi kuning.
- D. Ndadosaken Layang Seta lan Layang Kumitir umpan kagem magas jangganipun Minakjingga.

28. Pesen moral ingkang saged kapundhut saking cerita ing inggil (No. 26) inggih menika

- A. Aja nglarani sadulur.
- B. Tumindaka bener, aja ngapusi supaya bisa mukti.
- C. Aja sakarepe dhewe anggone nemtokake keputusan.
- D. Kudu njaga pusaka kang diduweni supaya bisa menang anggone perang.

29. Pranyatan ingkang trep kaliah cerita ing inggil (No. 26) inggih menika

- A. Damarwulan seda nalika perang tandhing lumawan Minakjingga.
- B. Ratu Kencana Wungu percaya menawi Damarwulan punika tukang fitnah.

C. Ratu Kencana Wungu netepake Layang Seta lan Layang Kumitir jumeneng nata ing Majapahit.

D. Damarwulan angsal pusaka gada wesi kuning saking pambiyantune Waita lan Puyengan.

30. Punggelan teks drama ing inggil (No. 26) kalebet drama tradhisional ingkang dipun wastani

- A. Ludruk
- B. Ketoprak
- C. Jemblung
- D. Wayang wong

Wacanen kanggo mangsuli pitakonan nomor 31 lan 32!

Ing sajroning perang Baratayudha kang sansaya sengit. Ing panggung ana Yudhistira, Arjuna, lan Kresna.

Yudhistira : Kaka Prabu, kula rumaos boten saged nglajengaken perang punika, raosing ciut manah kula, sampun boten kuwawa nandhang dhuhkita tinilar pawongan ingkang kinasih. Punapa malih milih para kadhang Pandhawa dadi senopati.

Kresna : Ora, Yudhistira, perang kudu terus lumaku, yen sliramu ora bisa netepake sapa kang kudu dadi senopati, aku minangka penasehat netepake Arjuna sing kudu dadi senopati.

Arjuna : Kaka Prabu, kula boten sagah menawi nglampahi palagan kalih kadang sepuh pribadhi.

Kresna : Arjuna, elinga iki dudu perkara sedulur apa dudu sedulur. Perang Baratayudha iki wujud perang antara bebener lan kamurkan.

31. Konflik kang dumadi wonten punggelan drama ing inggil inggih menika

- A. Kresna kepingin didekake senopati perang.
- B. Arjuna boten sagah dados senopati perang.
- C. Yudhistira ora seneng didadekake senopati perang.
- D. Kabeh sarujuk menawa perang baratayudha dipun pungkasi.

32. Punggelan drama tradhisional ing inggil dipun wastani

- A. Ludruk
- B. Janger
- C. Ketoprak
- D. Wayang wong

Wacanen kagem mangsuli pitakonan nomor 33—35!

Mbok Randha lan sadulur Kleting ora seneng yen Kleting Kuning melu sayembara. Mula, Kleting Kuning diutus mbok Randha

lan sadulure Kleting kanggo ngumbahi klambi ing kali.

Mbok Randha : Kleting Kuning, mrenea! Kleting Kuning : Wonten napa, Mbok?

Mbok Randha : Kumbahen klambi iki kabeh, sadurunge bedhug kudu uwes mari.

Kleting Kuning : Niki kathah sanget, Mbok.

Mbok Randha : Ora usah *protes*, sarampunge umbah-ubah, age-age masak banjur menyang tegalan undhuh kacang. Aku arep menyang kutha karo para Kleting kanggo melu sayembara. Awas, yen mengko penggaweyanmu ora rampung!

Kleting Kuning : Nanging, Mbok?

Mbok Randha : Apa njaluk daktambahi maneh penggaweyanmu?

Kleting Kuning : Boten, Mbok.

Kleting Kuning nangis

Kleting Kuning : Duh Gusti, kados mekaten nasib kula. Simbok lan Mbakyu Kleting saben dina mung nyiksa aku. Kabeh pakaryan aku sing ngrampung. Masak, umbah-ubah, uga menyang tegalan ya mung aku sing nyandhak. Paringi kula sabar, Gusti, ugi paringi kula dalan saget tumut sayembara.

33. Saking punggelan drama ing inggil, Mbok Randha niku minangka paraga

- A. Epilog
- B. Prolog
- C. Antagonis
- D. Protagonis

34. Latar sawasana punggelan teks drama ing inggil inggih menika

- A. Kuciwa
- B. Bungah
- C. Nelangsa
- D. Nggegirisi

Punggelan teks drama ing inggil badhe dipentasake dening Rona. Rona guneman ijen ing panggung kagem meranake paraga Mbok Randha lan Kleting Kuning.

35. Paraga Rona kasebut dipun wastani

- A. Prolog
- B. Epilog
- C. Dialog
- D. Monolog

Wacanen kagem mangsuli pitakonan nomor 36—40!

Assalamualaikum wr. wb.

Bapak kepala madrasah ingkang kinurmatan
Bapak saha ibu guru ingkang satuhu
luhuring budi
Para kanca kang kula tresnani

Sumangga langkung rumiyin ngaturaken syukur dhumateng Gusti Mahakwasa ingkang sampun paring rahmat saengga kita saged makempal kanthi bagas waras wonten ing pahargyan pengetan dinten Kartini puniki.

Pengetan dinten Kartini wigatos sanget tumrap kula panjenengan sedaya. R.A. Kartini pindanipun sekar ingkang tansah mbabar angambar ganda arum ing bangsa Indonesia. Labuh lebetipun R.A. kartini saestu luhur sanget tumrap kaum Wanita. Langkung-langkung ing wekdal sapunika ingkang taksih kedah meres penggalih kagem majengipun bangsa.

Pancen sampun dipunkodrataken para wanita saha limrah nggadahi raos ingkang kalangkung alus. Sanadyan makaten, awit saking pangribawanipun lelabetanipun Ibu Kartini, para wanita saged nggadahi manah ingkang tansah makantar pindha waja ngudi kautaman.

Kanthi makaten, sumangga kadang-kadang putri sami saged nglajengaken gegayuhan tuwin lelabetanipun Ibu Kartini ingkang luhur punika. Tansah ngudi jatidhirinipun putri Indonesia ingkang prasaja, mrantasi sadengah karya.

(.....)

Wassalamualaikum wr. wb.

36. Miturut teks ing inggil, kang kalebet perangan pambuka inggih menika

- A. Assalamualaikum wr. wb.
- B. Pancen sampun dipunkodrataken para wanita saha limrah nggadahi raos ingkang kalangkung alus.
- C. Sumangga langkung rumiyin ngaturaken syukur dhumateng Gusti Mahakwasa ingkang sampun paring rahmat
- D. Bapak kepala madrasah ingkang kinurmatan, Bapak saha ibu guru ingkang satuhu luhuring budi, Para kanca kang kula tresnani

37. Isi teks pidhato ing inggil yaiku

- A. Reroncening adicara pengetan dinten Kartini.
- B. Lelabetanipun Ibu Kartini tumrap para wanita Indonesia.
- C. Jinis-jinis lomba kang bakal ditindakake kagem mengeti dina Kartini.
- D. Pangajak kagem para wanita supaya nggadahi buku Habis Gelap Terbitlah Terang karangan R.A. Kartini.

38. Tuladha pangarep-arep saking teks pidhato ing inggil inggih menika

- A. Para wanita kudu nganakake pengetan dinten Kartini sesarengan.

- B. Mugi-mugi putri Indonesia kedah saged makarya ing mancanegara.
- C. Pamarentah kedah saget ndadosaken R.A. Kartini minangka Pahlawan Nasional.
- D. Para kadang putri supados sami saged nglajengaken gegayuhan tuwin lelabetanipun Ibu Kartini ingkang luhur.

39. Supados teks pidhato ing inggil jangkep, bagian cecek-cecek (titik-titik) kedah (harus) diisi

- A. Sholawat saha salam tansah kalimpahaken dhumateng junjungan kita Nabi Muhammad SAW.
- B. Sumangga kita mengeti dinten Kartini sesarengan kanthi ngawontenaken lomba-lomba.
- C. Pengetan dinten Kartini menika wigati sanget tumrap majuning bangsa.
- D. Cekap semanten atur kula, menawi wonten kalepatan kula nyuwun agunging pangapunten.

40. Ukara kang trep kaliaan isi teks pidhato ing inggil inggih menika

- A. Lelabetanipun R.A. Kartini kirang diugemi masyarakat Indonesia.
- B. Pengetan dinten Kartini boten wigatos tumrap kula panjenengan sedaya.
- C. Pancen sampun dipunkodrataken menawi para wanita nggadahi tumindhak ingkang kalangkung kuat.
- D. Awit saking pangribawanipun lelabetanipun Ibu Kartini, para wanita saged nggadahi manah ingkang tansah makantar.

Gatekna pranyatan ing andhap iki!

- 1- Ingkang kula hormati bapak Kepala Desa.
- 2- Para rawuh ingkang kulo bekteni.
- 3- Rencang-rencang ingkang bahagia mulya.

41. Ing inggil punika minangka tuladha ukara ing pidhato

- A. Pembuka
- B. Purwaka
- C. Panyapa
- D. Wasana

Gatekna pranyatan ing isor iki!

- 1) Puji syukur kawula dhumateng Allah....
- 2) Matur nuwun dhumateng sohibul bait ingkang sampun purun paring tempat kangge acara....
- 3) Solawat saha salam mugi katur dhumateng rosululloh....
- 4) Menawi wonten salah/klintunipun, kula nyuwun ngapunten....

42. Ing inggil punika kang boten kalebu tuladha purwaka pidato kang trep inggih menika nomer

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

Assalamu'alaikum wr. Wb. Mugi asihing Gusti tansah pinaringaken ing Panjenengan sedaya.

43. Ing inggil punika minangka tuladha ing pidato/tanggap wacan.

- A. Salam Pembuka
- B. Pangarep-arep
- C. Purwaka
- D. Surasa

Ketua OSIS lagi ngumpulaken sedaya anggota pramuka inti ing isor wit sawo ngarep ruang guru. Ketua OSIS langsung nyampeke marang anggotane babagan lomba kang bakal dilaksanaake ing MAN 1 Malang tanggal 10 November tahun 2020

44. Adicara/acara kang di maksud ing inggil minangka tuladha pidhato kahanan

- A. Resmi
- B. Hiburan
- C. Ora resmi
- D. Setengah resmi

Assalamualaikum.wr.wb....

Alhamdulillah ing dinten punika kita saget ngrawuhi upacara HUT RI kanti keadaan sehat wal aafiyat lan mboten wonten halangan setunggal punapa.

Upacara HUT proklamasi kemerdekaan RI dinten niki saget kelaksaaken kaliyan sae amergi bantuan sedaya pihak.....

45. Ukara-ukara ing inggil minangka tuladha pidato kahanan

- A. Setengah resmi
- B. Ora resmi
- C. Hiburan
- D. Resmi

Gatekna punggelan pidhato ing isor iki!

- 1. Hadirin kang bahagia mulya, sumangga kita pirsani penampilan grup qosidah modern Nasidaria....
- 2. Bapak ibu ingkang kawula hormati, ing mriki kula bade ngaturaken reroncening adicara pengetan Maulid Nabi Muhammad SAW....
- 3. Adicara angka setunggal, sumangga kita sesarengan maos alfaatihah, mugi-mugi

sedaya pikantuk manfaat lan barokahipun....

4. Bapak ibu wali murid kang bahagia mulya, selami putra putri bapak ibu wonten ing madrasah, menawi wonten klintunipun anggen kula nggula wethah, kula minangka wakil sangking bapak ibu guru, kula nyuwun agunging pangapunten...

46. Ing inggil minangka tuladha pidhato acara wisuda nomer

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

(.....)

Vaksin menika wigati sanget kagem njagi kula lan penjenengan sedaya saking sumabare virus. Pamarentah ugi gratisake vaksin menika kagem sedaya warga Indonesia.

47. Ukara kang trep kagem njangkepi bagian titik-titik wonten punggelan pidhato ing inggil yaiku

- A. Puji syukur dumateng Alloh swt ingkang....
- B. Sholawat saha salam katur dumateng rosululloh saw....
- C. Ing mriki kula badhe ngaturaken babagan vaksin Covid-19.
- D. Sumangga kita sami-sami ningkataken ketawaan dumateng Alloh swt

Gatekna pranyatan ing isor iki!

- 1) Swara lan lagu pocapan cetha.
- 2) Mangerteni sapa wae sing rawuh lan mangertosi swasanane
- 3) Anggone micara kudu ngambra-ambra supaya suwe ing panggung
- 4) Nggatekake tata rakite ukara lan nggunakake unggah-ungguh kang becik

48. Ing inggil minangka bab kang kudu digatekake sadurunge nindakake pidhato, kajawi (kecuali) nomer

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

Para pepundhen, para pinisepuh saha kasepuhan ingkang dahat pinundhi-pundhi. Para pangembraka praja ingkang dahat minulya. Bapak saha ibu para rawuh ingkang tansah kinormatan.

Puji Syukur konjuk wonten ngarsane Gusti Allah ingkan sampun paring kanikmatan saengga kita saget makempal ing adicara lamaran putrinipun Bapak Suroto Diharjo menika.

Kula, Handoko Dwisasono minangka pranata adicara keparenga badhe ngaturaken reroncening adicara ingkang sampun rinancang

49. Teks ing inggil minangka tuladha

- A. Sesorah
- B. Pranatacara
- C. Atur pambagya
- D. Pidhato Agama

Jamaah jumat ingkang kawula bhekteni, monggo kita sareng-sareng nglampahi sedaya ingkang sampun perintah dining Alloh SWT. Lan nebihi sedaya larangan-laranganipun.....

50. Ukara-ukara ing inggil minangka tuladha

- A. Sesorah
- B. Khotbah
- C. Atur pambagya
- D. Atur pranatacara

KUNCI JAWABAN PAT BAHASA JAWA KELAS 9

1. B	11. C	21. C	31. B	41. C
2. A	12. A	22. A	32. D	42. D
3. D	13. C	23. A	33. C	43. A
4. B	14. A	24. D	34. C	44. C
5. B	15. C	25. B	35. D	45. D
6. C	16. D	26. B	36. C	46. D
7. C	17. D	27. C	37. B	47. C
8. C	18. D	28. B	38. D	48. C
9. A	19. C	29. D	39. D	49. B
10. A	20. A	30. B	40. D	50. B